



Pwosedì pou Plent Dwa Sivik nan NYC DOT



Depatman Transpò Vil New York (New York City Department of Transportation, NYC DOT) angaje li pou li konfòme avèk Tit VI Lwa sou Dwa Sivik 1964 la (ki entèdi diskriminasyon poutèt ras, koulè ak orijin nasyonal), Lwa sou Restorasyon Dwa Sivik 1987 la, ak tout règleman ak lwa ki gen rapò ak dwa moun (agrandi klas pwoteje yo pou yo genyen, sèks, laj, andikap ak estati revni) (tout bagay sa yo rele ansanm, "Lwa sou Dwa Sivik"). Tout Divizyon, Ofis, ak Biwo DOT ap planifye, devlope, ak aplike pwogram yo ak aktivite yo pou okenn tout moun ka patisipe, pou yo pa refize yo avantaj, oswa fè lòt kalite diskriminasyon lè y ap resevwa sèvis DOT ki pase sou ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj, oswa andikap. Pwosedì pou pote plent sa a se pou moun ki kwè NYC DOT te fè diskriminasyon kont yo.

Divizyon Dwa Moun Eta New York

Sitwèb: dhr.ny.gov

Telefòn: 888 392.3644

Depatman Transpò Vil New York - Biwo Dwa Sivik

Sitwèb: dot.ny.gov/main/business-center/civil-rights

Telefòn: 518 457.1129

Depatman Transpò Etazini- Biwo Depatmantal pou Dwa Sivik

Sitwèb: transportation.gov/civil-rights

Telefòn: 202 366.4648

Administrasyon Otowout Federal- Biwo Dwa Sivik

Sitwèb: fhwa.dot.gov/civilrights/

Telefòn: 202 366.0693

Administrasyon Transpò Federal- Biwo Dwa Sivik

Sitwèb: transit.dot.gov/title6

Telefòn: 888 446.4511

Kimoun ki ka depoze yon plent?

Nenpòt moun oswa gwoup moun ka depoze yon plent si yo kwè yo te viktim diskriminasyon poutèt ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj, andikap, oswa estati revni yo nan pwogram yo oswa sèvis NYC DOT jere yo.

Kilè mwen ta dwe depoze yon plent?

Ou dwe depoze yon plent nan 180 jou oswa mwens apre dat diskriminasyon an.

Kijan ou ka depoze yon plent?

- **Sou Entènèt:** Soumèt yon fòm plent elektwonik ki disponib nan nyc.gov/contactdot.
- **Nan telefòn:** Rele 311
- **Pa Lapòs:** Voye yon plent alekri bay -

New York City Department of Transportation
55 Water Street, 9th Floor
New York, NY 10041
Attention: Commissioner

Anplis depoze yon plent avèk NYC DOT, ou ka depoze yon plent ak nenpòt nan biwo sa yo:

Komisyon Dwa Moun Vil New York

Sitwèb: www1.nyc.gov/site/cchr/index.page

Telefòn: (718) 722.3131

Ki enfòmasyon mwen ta dwe mete nan plent mwen an?

Plent moun soumèt nan telefòn oswa nan kourye lapòs lapòs ta dwe gen ladan omwen enfòmasyon sa yo:

- Rezime zak diskriminatwa w ap akize a (yo)
- Dat zak diskriminatwa w ap azike a (yo) epi si diskriminasyon an ap kontinye toujou
- Rezon pou plent lan (egzanp ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj, andikap, oswa revni)
- Enfòmasyon pou kontakte ou

Konbyen tan li pral pran pou NYC DOT rezoud plent mwen an?

Kote sa posib, n ap kontakte moun ki pote plent lan, alekri, sou sa nou jwenn ak kisa nou pral fè pou regle pwoblèm nan, si sa nesesè, nan 60 jou.